# LAN MOOY WAXTAANU SAYTU NGIR AM KAARANGE?

Su fekke ni da nga duggu ci biir Amerig te jaaruloo ci yoon ba nekke ci loxo wa imigrasion lu tollo ak 14 fann ak temeeri kilometar ak duggu kaay bi **di na niula jaarale ci doxalinu toxal bu gaaw.** Loolu moy amulo sagn sagnu guisse ak atte katt bi te dina niula jox kayyitu ndigallu dello sa dekk. Kayyit boobu dina xaar su fekke da nga wax ni da nga ragal dellu sa dekk. Dina niu dello sa kaa bi wa USCIS Asylum Office ngir benne jakaarlo laaj ak tontu ak seen benne ligeey katt bu xaragn ci wallu yoon ci Amerig.

**Sollos jakaarlo laaj ak tontu woowu** moodi xool ndax meun nga am kaarange bu woor ci biir Amerig ba niu meune la mayy nga nettali atte kattu imigrasion sa nekkine ak taxawaay. **Ngir am doggal bu positive (waaw), war nga wanné «lu woor te leer» ni meun na niu la aar**. Soxlo nga am doggal bu positive (waaw) ci sa «raggal bu deggu» ndax niu meun la jox kayyitu kaarange bi ak atte katt bi ci li niuy woowe yoonu Section 240, ak tamit am sagn sagnu laaj ngir niu bayyila nga guenne ci santar ba ak benne atte katt ( resulta bu positive soxlo na niuko ngir wa ICE mena **saytu ak seetlu ni yaw do kuy lorr** te bayyila **nga guenne santar ba te toppu sa kaa ci bitti**).

Na nga bayyi xel ni su fekke daniu la messoon delloo sa dekke ba pare nga niowaat te amo ndigallu jalle yoonu ndox mi wala suuf si (**Duggu si te Jaaro ci yoon wi** maanaam «EWI»), do meuna am asil ci sa jakaarloo wu raggal bu deggu (CFI) waaye ci luddul dencum toxallinu Jakaarloowu Raggal bu Deggu. Ngir lepp lu jem ci loolu, yoon bi niuy jaar benne la. Waante nak, sa kaa dina niuko saytu ngir dencum toxallin bi waaye nak asil bokku ci maanaam daga wara firnde lu eupp 50% ni dina niula toroxal boo dello moo gueun lu tollu ci 10%.

So ame doggal bu negative (deet) menne nga laaj atte kattu imigrasion bi mu xoolaat dogallu Officier bu Asil bi. Bu atte katt bi dellu se ci dogall bu negative bi bapare jox la waaw (resulta positive), menne nga tamballi corte bi ci Section 240. Bu atte katt bi **jubboo we ak ndawu asil bi,** konn kayittu doggalu dello la sa deukk bi nga jottoon bi bi ngay duggu ci Amerig te niu teyye woon ko ci bi ngay laaj kaarange dina duggu ak doole te wa ICE dina niu jokko ak sa wa ambasade wala consula ngir xool nu niu mena def ba nga dellu sa deuk.

Asil ba ak teyyeb doxalinu toxal bi **ngir nitt yi nga xamni danio raggal delluwaat sen deuk la.** Waante nak, luwa (yoon) bu Amerig du aar kenne ku ragala dellu sa dekkem. Ki muy aar mooy ki nga xamni dafa raggal **nit gaagn ko** ndax **xallaatam ci politik, diine, xeet, dekkem, ak/walla dafa bokk ci «askan buniu raagnee»,** bi nga xam ni mooy doxalinu yoon bi wax ni amna lu nekk ci moom lu wute ak li dekkem nangu. Loolu menne na nek lu jem ci boroom niaari turr yi (goor jigeen), ku messa dundu toroxtaange ci keur, ku fekkee mbirr, jottalikat wala **kuy taxawal akh ak yelleefu nit yi**, **ku bokk ci ab njaboo**t, wala ku wutte ak niepp. Warr nga firnde ni **soxlo nga kaarange wa Amerig**- bi nga xamni sa nguuru deuk menu lako wala beggu lako jox, te amo fenneen fu woor fo dekk.

Amna tamit xeetu **kaarange bu wutte ngir nitt yi nga xamne danio ragal seen nguur**, te police bokk ci, ak niu bokk ci ay samba booy yuy liggeeyal nguur gui, wala bu nguur gui xamee lu xew te deful dara ngirr aar la, maanaam bu nguur gui diggle niu gaagn la ( 'mu ande ci loolu' ). Bu nguur gui jiitee lila dall / li nga nara dundu euleuk, meun nga am kaarange waa Mbootaayu Nations Unies Ngir Xeex Mbuggalaate (torture).

## LAAJ YI CI GUENA FESS

**Layy bi**

- Kula tiital/ gaagn? (su fekke ni xamulo seen turr nga joxe dakkantal bi niu leen di woo we wala xibaar ci ki niu wara doon ak litax nga yakaar ni nioom la?)
- Li tax niu neenal la yaw rek? Noo ko xamee?
- Ndax yeneen mbokk yi si ker, xarit, xamle, wala nit yi nga xam te niu dundu lu mel noonu? Fu niu mujjee?

**Tolluwaayu mettital bi**

- Naka laniu la tiitalee? Wla gaagnee?
  - Niaata yoon laniu lako tiital/ gaagn?
  - Kagn laniu la tiital / gaagn? (Yoon bu njeuk ak bu mujju bi, ak bu ci guenoon metti?)
  - Lu xewoon? Niaata diir la? Ndax batay jii ya gui kay mettit lu?
- Lann nga guena ragal ni dina am suniu la delloowe sa deuk ci doole? Lutax mu nara am?

  Nooko xamee?

**Kaarange ci sa reew?**

- Ndax police bi wala keneene ci nguur gui sammeu la? Lutax? (Bo amme firnde wu plénte, menne ngako wax atté katt bi ba. Budee amoko waajalal sa tontu ci loolu. Bu fekke ni amone nga kayitt boko bindone, di nga wax lutax nekul wone ci sa kaarange.)
- Menne nga dekke feneen ci sa biir reew? Lutax?
- Ndax amga nekin bu jaar yoon ci beneen reew, wala ndax menne nga ko am ci lu yomb?

## AKH AK YELLEEF CI BINIU LAY DEFAL LAAJ YI

**Am nga sagn sagnu am kula taxawu lu melni awoka** ci bi niu lay degglu ci laaj yi. Meun nga tamit laaj béneen datt wala bess ngir laaj yi sudee da nga soxla temps bu bari ngir wut awoka wala sudee daga beugg guissé ak bénne awoka waxtaan ak moom ci say mbir bala bessu bi niu lay degglu. Awoka yi bokku niu niniu lay taxawo ngir waajal sa degglu bi te baaxna si nga laaj lu eup bénne awoka késsé. Lu weessu ndimbal bimulay jox ngir waajal sa degglu (laaj yi), awoka bi meun nala gungé si jeumeu, mba video wala ak telefone, ngir jox atté katt bi bi, xalat yu leer ci ndégem li jeum ci say mbir yeup deppoo ne ak li yoon laaj ci Amerig (ci kàddu ak/wala mbinde). Awoka bi tamit meun na dimbali khool ndakh atté katt bi fatté wul laaj bu am ndiarign ak tamit ndakh amul bénne jalgati ci say akh ak yélleef.

Meun nga wax niu yobbu sa bessu degglu bi ba béneen yoon **su fékee wérru lo** te yaakaar ni do meuna deglu ak tontu bu baax ci laaj yi. Laajal niu mayla tuuti nga noppalu so beuggé tamit.

**Am nga sagn sagnu espiliké lep ci say mbir. Ndaxt**é atté katt bi moy joxé doggal bu mujju ci say mbir, meun nga am ndam ci wuttum asil wala laxxu kaay sudee saytu naniu bubaax say mbir , atté katt bi **meun na gawantu ci say mbir ba am xibaar yuko ci reuthie.** Bari na lo mena def ngir moytu loolu.

**Na nga atté katt bi bu fékee daniula daggoon bi ngay tontu niu mayla nga aggali:** waxal:
« Baalma serign bi, bala ma tontu sa laaj bu yees bi dama beggoon aggali sama tontu ci sa laaj bi jiitu. Am naa lu am solo luma beugg wax.»

Moytul di wuyyo « *waaw* » wala « *deet* » bu menné nekk. **Tontu yu matt dina tax ay sikki sakka wala jaaxlé du am. Dina thi baax nga waxaat laaj bi ci sa tontu ngir wané né laaj bi leer na.** Maanaam, buniu la laajee: 'Ndax am ga jabar wala jekker?' bul tontu 'Waaw' rek. Tontul 'Waaw amna jabar/jekker'. Ngir xam naka la niakke toppu ndiggel yi mena indilé jaffé-jaffé, xoolal firndé bii: suniu la laajé «Ndakh 2011 nga gueuja ***guiss*** sa yaay?» te sa interperet bi mom waxla «Ndakh 2011 nga gueuja ***wax*** ak sa yaay?» te yaw nga tontu « waaw» kessé, atté katt bi meun na yakaar ni limu laaj nga tontu fekk ni yaw leneen nga totu, maanaam 2011 nga «*guiss»* sa yaay, «*waxo»* ak moom att boobu. Joxeel tontu bu matt bu mel nii: « Waaw bima gueujé *wax* ak sama yaay 2011 la woon.» Ci biilé firndé, nitt ki doon wutt asil mujju ko am ndax te dafa amoon jiixi jaaxa ci baatu «guiss» ak «wax» ci la atté katt bi jappe né waa ji dafa soppi nettali wi te dafa nekke di wax ludul deugg.

**Laajal ngir niu baamtu waat wala leeral budee jeulli wo laaj bi.** Maanaam, sudee da nga nekkoon kasso niaar yoon te atté katt bi laaj la: « Ndax daniu la dooroon bi nga nékkee biir kasso?» meun nga tontu né: « Da nga beug xam ndax bima ndieukké dem kasso wala bima ca dello?» Bu ko deffé ci sa tontu meun nga wax: «Bi ma ndieukké dugu kasso ken meussu ma door waayé bima fa dello door na niu mafa niett ba nieenti yoon.» Ci béneen misaal, meun nga wax lu mel nii: «Sumala dégguee bu baax, ya ngui may laaj ndax polisu nguur bi meuss na niu saytu samay mbirr. Du loolu?» wala « Su fekké dagay laaj ndax takk derr yi meuss na niu saytu samay mbirr, tontu bi mooy deedet– binde na niu si man waaye foofu la yam.

**Na nga deugeur ci problem bi te yolom ci nitt ki,** maanaam na ga xeex ngir say akh ak yelleef, jiital ci sa sagn sagnu nettali say mbirr bamu matt te jub, waaye defko ci yarr ak teggine. Daga wara teey te dall ci kanamu ndawu asil bi lay laaj ak kilay tekkil sa wax. Amul solo sudee danio xawa metti wala niakk kersa ak yaw. Bul merr te bul tontu. Seen affair la nioom– ndax meun na am danio nelawul bu baax ci guddi gui wala niu jappantee woon ak seen jekker wala jabar ci suba si– te yeene saa yi nioo koy def ngir yaxxal la. Motax bul gawa merr wala nga guiss sa bopp. Loolu bumu tax nga bayyilen niulay suufeel. Taxawal wax ak nioom li nga wara wax– ci yarr ak fulla– so yegee ni daniuy jalgati yoon ak say akh. Maanaam, sudee atté ka bi juum na ci say mbirr da nga ko wara jubbanti moom atté katt bi. Bo beggué niu baamtu waat ab laaj, wax ko tamit atté katt bi. So beggué yokk dara, wax ko ko. Guinaaw yaw rek, kenne xamul li nek si sa bopp/xel ba ci sax awoka bi motax bo amé lo wara wax lu am solo, defko.

Ci jeexitalu degglu bi, atté katt bi Warna la laaj ndax amo looy yokku. Niu laaj lako wala niu bagn lako laaj, **xoolal bu baax ndax fatté wuniu lu am solo te ndax leep jaar na yoon** wala Budee amna, waxko atté katt bi.

## NAKA NGAY DEF BA LEER SAY MBIR

Dina baax nga jappé sa jakkarlo bi ni ab waxtaan ndax dina tax nga bania jaxasso soy wax. Nieuppay jaaxlé ak jaxasso waayé bul tiit ci laaj atté katt bi nakala mbirr yi di démee wala leene.

Bul ragala **jubbanti atté katt bi wala kilay tekkil say wax**. Maanaam, budee daga gaaniu wone si tank te niu laaj la «Ndax sa loxo dafa doon guénee déreet bu bari?» meun nga wax «waaw» ndaxte daga doon nàthie lu bari, waayé budee gaaniu-gaaniu bi ci tank la konn daga wara wax «deet» ba paré jubbanti wax ji leeral fann la déreet bi joggé. Wax leen ni amna loo wara wax ci lu gaaw ndax nga meun ko leeral bala niuy jaaleu loolu ak di indi jaxasso. Li guena am solo mooy na atté katt bi na xam lep ci say mbir.

**Bul jàpp ni atté katt bi lepp leer na si moom li jeum ci sa àada**. Yaw yaako wara leeral lep. Loolu mooy sa sanss ngir am kaarangué ci biir Amerig motax nga wara wax lep litax nga ragal déllu sa deukk. Atté katt bi moom yoon mooko santeu mu bania guénee wala nettali lumu xam ci yaw. Atté katt tamit meun na am mu xam lu bari ci ni sa reew di doxee waayé du la ko guena xam yaw mi fa deukk. Bul jàppee atté katt bi ku xamul dara wala ku werul. Loolu kénn beuggu ko. Konn bul wax «xamo dara ci sama reew, te policé yepp kénn jubbu ci», néleen rek «xaw ma ndax yegg nga li policé yi di def ci sama reew, waayé duniu topato te duniu àar kéneu si kaw nga nekk ku am alal mba xaalis ngir fayleen.»

**Meun nga yookk yéneen xibaar, ak leeral yu woor.** Maanaam, suniu la laajé «niaata nitt nga bokkal ndey ak baay?» bul tontu rek «5», waxal «am na 5 yuma bokkal waajur, 3 goor ak niaari jiguéen.» Loolu lu am solo la ndaxte yénn saayi làak du am tekki wala firrin bu jubb. Maanaam, ci làaku Espaniol, baatu «siblings» dafay tékki «mak wala rak bu goor» konn buko deffee laaj bii bo tontoo «5» rek yamfa, dafay melni «5 bokkaalé yu goor nga am»! Ci béneen missaal, nji beugg am asil niàkk naniu ko ndax ci seen jakaarloo bi danio wax ni jokkoo naniu ak seen yaay bénne att ci guinaaw te ci corté ba niu wax ni jooko naniu ak seen yaay 6 weer ci guinaaw. Ci loolu, atté katt bi weddi leen, guema tuleen. Waayé, utt kattu asil bi nekul woon di soppi nettali

wam  te menoon na moytu loolu su waxoon lii: «Bima mujjee wax ak sama yaay *jahrann* amna bénne att ci guinaaw bimay joggé sama reew te bima kay mujju deggaat ci *telefone la woon* amna juroom bénni weer ci guinaaw bimay jalleu forontieeru Amerig ak Mexic.»

**Na nga deggu.** Lolu mooy li gueune ngir nga moytu ay jaffé-jaffé ci say mbir. Te tamit sa waat ak li nga nek ci loxo yoon, loolu dina ci baax. Su atté katt bi xamé ni ya ngi wax deugg lolu dina am solo. Moom atté katt bi bu jappé ni da ngay am sikki-sakka wala ngay am looy neubb, lumu ndaw ndaw, meune nala niakk woolu ci leppe lo waxati

Nekkal ku yeewu – **Nitt matul** te baxna ci niu woolu la te nga espiliké atté katt bi say mbir moo guenn ngay jeema neubbe dara bamu tax kula xool xamni amna looy làax. Bu atté katt bi xalaaté ni da nga am looy neubbe, moom atté katt bi dina yakaar ni lu bonn la te fekk sax bonul.

Bul ci boolé lu ci bokkul– Jeemal féxé ba say mbir niru ak lu baax wutee ak nimu wara mel meun na tax atté katt bi xalaat ni dagay wax luddul deugg.

**Bul tappalé!** Waxal deugg gui rek. Lolu mooy yoon bi guenne su fékkee da nga nekk ci kàddu wala nga nekk ci seen loxo. Bu amee lu la leerul, amul solo te jarul thioow. Bul joxé datt wala waxtu mba siifar budee woorula. Da nga wara joxé nak leeral ci say xalaat ak wax lutax nga xalaat ko.

Missaal: «Awma lu leer ci waa ji ma songoon, xawma kumu doon, waayé yaakaar na ni ci kureel bu niuy woowé MS la bokk ndaxté ni nioom la soloo te daniu ma napp ni dina niu ma rayy sudee aggali wuma leen fayy taksu liggeey bi.»

Missaal: Moytul wax «Mangui joggé sama reew ca bessub le 6 Aout attum 2016», waxal « Mangui joggé sama reew ci seméne bu ndieukk si weeru Aout» sudee leerula. Ci missaal bii, awoka wu nguur gui amone na passpor bu am tembarru guénneu buy wané ni nitt ki guénne na reewam ci bessub le 8 weeru Aout te du bessub le 6. Loolu day tax atté katt bi am xel niaar ci li dess ci say mbir.

**Sudee xamoo tontu wi,** meun nga wax ni xamoo waayé fexeel rek joxé tontu bu xawa jégué soko menee. Maanaam, su laaj bi dee lii: «Niaata nitt nio deukk ci sa deukku waay?» meune nga né «lu tolloo ak 10.000 yooyu» wala « xawmako waayé moogui ci diganté 8.000 ak 12.000.»

**Soo ko fattaliku wul,** waxal loolu, te nga joxé sa xallat bi nga am. Ci missaal, «Fattaliku wuma bann waxtu lama gurub saay-saay yi songu waayé dafa melni bima watié di njibbi sama keur la ay digganté 6 waxtu si ngoon bala muy leundeum ay booru 8:30 (guéewé)» wala nga ni « fattaliku wuma bann béss lama sama nijaay woo woon wayye yaakaar na ni defna ay niaari seméne bala ma doon guéne reew mi, ay booru digg weeru Avril.»

Li ngay wax na werr– Bu atté katt bi xalaaté ni waxulo deugg ci dara, meun na yaakaar ni li nga waxoon lepp du deugg. Bul jeffendiko ak yu melni «saa suné», «mukku», «nieupp», «kénne», ak

yu melnoonu. Nguur gui meunne na wanné yen saayi ni du sa wax, «saa suné» deug la te di melni kulay fenn loo. Ci missaal, so waxé ni «Policé yepp daniuy guérr (naxaaté) nit yi» awoka nguur gui dina def lep ba wané ni am na si fukki junni policé, kénne ku ci jubb te dafay tax niu né waxo deugg te jarulo woolu. Sufékee ni sax menu niuko firndé tamit du la dimbali. Ci missaal, sudee daga wax atté katt bi ni dagay yobbu say doom niu jangui béss « buné», atté katt si boppam dina la wax ni guemu ko ndax xalé yu bari duniu jangi lécol Aseer (Samedi) ak Dibeer (Dimanche).

Bul bayyi kénneen di soppi say tontu– ndawu nguur gui sagn na nek dila jeema duggal ngir niu weddi la, dila jeema wax ni amna no wara tontoo, baparé weulbati tontu bi sa kaw su wuté ak lepp li nga wax ak lu niu binde ci sa kayitt yi. (Bobu péxé lu ci eup ci corté laniu kay défee)

Tontul tontu bu gaaw ci laaj yi. Nit yu bari meun na am laaj yi ni niuko déggee dafay niakk solo si nioom ak/wala nioom danio xeur ba nga xamni daniuy nettali seen jaar-jaar ba duniu tontu laaj wi. Loolu bariwul limuy jalleu. Yénne saayi atté katt bi meun na japp ni bayiwo xel si laaj wi, mu xawko soof, te dootul degglu bu baax ligay wax ndax daflay jeema dellosi si laaj wi. Yénne saayi nak atté katt bi japp ni yaako tay di daw laaj wi ndax xamo looy tontu guinaaw daga defar ab nettali rek te kila jappali nga jalleu ba dugu si reew ma waajalu la bu baax ci laaj yi. **Tontul laaj bi baparé, nga dooga leeral ak/wala yokku léneen lo xalaat ni amna solo**. Ci missaal, bu laaj wi dee «Fann la sa jabar nek?» bul wax «Deukku ma ak moom» ndax loolu du tontu laaj wi ngir xam fumu nekk. Na nga wax « Xawma ko ndax deukke tuma ak moom» wala « Xawmako – Honduras la nékkoon bimakoy mujju dégg wayé bi niu bayyanté amna niaari att si guinaaw te boobu batay degganté wuniu». Ci missaal bu ni mel, bu laaj bi dee «Ndax am nga jabar/jekkeur?» te nga wax «Moogui dekk ci béneen deukku waay te duniu waxante» lii meun na am ni moola guena amal solo waayé tontu woo laaj wi. Li nga wara tontu mooy «Waaw, am naa jabar/jekkeur waayé danio bayyanté amna niaari att, moogui deukk féneen, guissante tu niu te duniu waxante». Béneene jaffé-jaffé dina am si bu nitt tambalé wax lu jeum ci deukku waay/ nattaal/ tollu waay. Loolu du jalleu ndax atté katt bi xamul ni da ngay jeema tontu laaj wi. Loolo tax nga wara tontu nimu jubee te gaaw ak joxé waalé deukku waay/ nataal/ tollu waay.

Baxna si nga **wané say yeg-yeg** ci lu la daloon ci sa reew. So méree, wala nga niakk beg, russ mba léneen, dina baxx nga xamal ko atté katt bi. Su atté katt bi xamé li ngay yegg dina yombe si mom mu «séddoo ak yaw li ngay yegg» te guena am lu leer ci yaw ak sa nekkine. Yegg-yegg yi lu baax la ci niteel say mbirr ba xamni kenn du la guissee ni bénne A# ak bénne kaa rek waayé dina tax niu xoolee la ni nitt bi nga doon. Wareef bi ci topp mooy baxna si nga leeral sa tolluwaayu xel, ak yeg-yeg ci bi nga amee jaffé-jaffé yi te leegui Amerig dafay aar ak jappalé yooyu xeetu mbuggal ak toroxalaaté. Yombe na ngir nga leeral metit yi sa yaram ak riske yi, waayé baax na ci nga seet baat yi warr te nettali say mbirr nimu waree bamu matt. Yénne saayi sax nga xawa jooy-jooylu boo nékké di nettali waat, bul ci seet att yi wala goor mba jiggeen.

**Bayil xel ci ni ngay def sa yaram.** Maanaam, budee da nga took ci guinaaw rek melni ku yef yi soof wala kuy nelaw atté katt bi dina japp ni yaw say mbiru bopp yitteelu la. Diggal naniu la nga took bu jupp ci sa palass, say loxo ci kaw taabal bi (bul ko di yengal fo tollu ndax meune na jaxassé atté katt bi ba du japp li ngay wax). Te tamit, del xool ki ngay waxal si beutt. Ci noonu laniuy xamee ni nitt ki moogui wax deugg. Bayyil xel ni atté katt bi dina melni ku bayyiwul xel ci say wax . Bumu la jaaxal. Na melni moo ngi jang sa kayyit wala muy binde li ngay wax.

# NOY LIGGEEYEE AK KILAY TEKKIL (interperet bi)

Lepp li ngay wax ndawu asil bi ci sa jakaarlo am nga sagn-sagn niu waxal lakko nimu waree. Bari na li nga mena def ba loolu am. Digglé bu magg bi moodi nga **wax ndank, si kaw te mu leer, ak tamit di taxaw tuuti** ngir may interperet bilay tekkil mu bania fatté li nga wax. Bu dee sa tontu aggali woko si laaj bi te am kula dagg ak béneen laaj, waxal «Balma ma aggali sama tontu si laaj bu ndieuk bi.»

Lu baax la tamit nga **moytu di jeffendiko baat yooo xamni sa deukk rek la am walla deukku kaw ga** ndax killay tekkil meun na bania xam baat yooyu. Bu fékkee ni baat yooyu danio am solo ci say mbir, féxeel ba killay tékkil xam luniuy tékki ba xam ndax mengoo na ak li mu yaakaar. Ci missaal, «mariposa» ci espaniol leuppa-leupp lay tekki waayé ci Mexic dina fa tekki goor-jigeen.

Bu guissé ni am na lu doxul ci liniu la tekkil na nga ko wax ci nimu guena gaawé ngir atté katt bi dimbali la nga lijjanti jaffé-jaffé boobu, suko jaré, wutal kéneen kula tékkil.

**XEETU LAAJ YI**

## Laaj yii laniu la nara laaj

Atté katt bi meun na am mu laaj la yeene si yii, ak tamit yéneene yu ci nekul.

## Warulo jeema dentieu laaj yi sa biir bop.

Jeem leen jang rek bénne yoon. Warulo wané ni say tontu danga leen japp si xel, wala niu bindaloon lako ba paré. Luko moy rek di nga niakk sa jakaarlo bi. Sa nettali yaako guena xam kumu meunti doon motax bula dara jaaxal.

## TAMBALI BI

Tekki katt bi, dagay waat wala wax ni di nga tekki wax yi ci numu guené baax ak jékke?

Ndax li interperet bi di wax xam nga ko? Bann lakk nga guena dégg bu baax?

Ma ngi tuddu _____te tey mann mala wara defal sa Interview bi jem ci Li ngay Ragal. Li waral interview bi moodi xam ndax dafa am looy ragal ci dellu sa deukk ak ndax war nga am karangué reewum Amerig.

Damalay waat loo. Mangui lay niaane nga yekketi sa loxo ndey joor. Waatal wala nga deggeul ni deugg rek ngay wax, deugg gui yeup, te dara ludul deugg?

Jerejef, meun nga watié sa loxo? Baalniu nga wax si kaw, te leer, te nga gattal say wax ngir interperet bi mena tekki lepp.

## LI CI BIIR LAJJ YI

**Q. Ndax batay da nga niémé wul déllu waat sa reew?**

**Q. Ndaw am nga awoka/ wala ndaw sula teewal?**

**Q. Ndax niakk kula teewal du tax nga beugg fi yamalé waxtaan wi?**

**Q. Daniu beugg nga xamné meun nga biu wax lepp te bu ci am dara looy ragal. Yaa ngi dégg?**

**Q. Lann mooy sa turr bu matt seukk?**

**Q. Ndax am nga béneen turr wala dakkantal buniu lay woowé?**

**Q. Lann mooy sa dattub juddu?**

**Q. Da nga feebar wala ay jaffé-jaffési xel?**

**Q. Bann deukk nga juddoo?**

**Q. Ndax ci reewum_____nga bokk?**

**Q. Ndax daga am béneen reew boo bokk?**

**Q. Ndax meuss nga deukk ci béneen reew?**

**Q. Ndax am nga béneen lakk booy wax budul _____?**

**Q. Lann mooy sa xeet?**

**Q. Bann diiné nga bokk?**

**Q. Fann nga mujjé deuk ca reewum_____?**

**Q. Ndax daga am jabar/jeker, wala deet, wala da nga am kooy dundaaleel?**

**Q. Am nga doom?**

**Q. Ndax meus na niula tiital ci yéneen anam ak ci yeneen xew-xew?**

**Q. Loutax niu taamu la ci?**

**Q. Ndax wax ngako policé yi wala ndjiit yi?**

**Q. Kagn nga leen ko waxoon?**

**Q. Lann la la policé yi tontu?**

**Q. Ndax woor na ng dem waxak police ba?**

**Q. Ndax policé yi def na niu dara ngir saytu say wax?**

**Q. Ndax yaakaar nga policé yi aar la?**

**Q. Ndax yaakaaron nga gni nekk si nguur gui aar la?**

**Q. Lutax loolu?**

**Q. Fo dekkoon bala nga duggu si biir Amerig? Niaata diir?**

**Q. Lann nga daan def ngir dundu (liggeey)?**

**Q. Lutax beggulo dellu ca_____?**

**Q. Ndax sa bénne mbokk meuss na niuko tiital ca_____?**

**Q. Niaata diir?**

**Q. Ndax sa bénne mbokk wala sa rakk wala makk meuss naniuko gaagn, dàgg, walla fiir ca_____?**

**Q. Lann mola nara dall boo delloo ca _____?**

**Q. Ndax jeem nga sàkku kaarangué ci sa nguuru reew?**

**Q. Ndax da nga fayy nitt ngir mu jalla lela nga duggu biir Amerig?**

**Q. Ndax fattaliku nga ni defaloon naniula interview (ay laaj) bi nga aksé ca_____?**

**Q. Ndax daga ragal ni kénn ci sa nguuru reew _____wala nitt nia fa nekk jox na niuleen ndiggal ngir niu door la wala niu gaagn la mba jaxassé sa xel?**

## JOKKOO KAAY BI

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa xeex wala gaagn ndax xeet bi mu bokk?**

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa xeex wala gaagn ndax diiné bi mu bokk?**

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa xeex wala gaagn ndax deukk bi mu bokk?**

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa xeex wala gaagn ndax xalaatu politic bi mu am?**

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa gaagn ndax bokk ngaci parti politic wala ngay dem ci yu mel nonu?**

**Q. Ndax yaw wala ci seen mbokk yi amna ku niu meussa xeex wala gaagn ndax li ngeen bokk ci askann?**

## XAATIM BI TERE MBUGALAATE (TORTURE)

Nio gui lay beug am yu niu la laaj lu jem ci niakk toppatoo wu njiit yi, lu melni police bi, ndawu nguur si, wala militeer.

**Q. Ndax meuss nga guiss police di def ludul yoon ci sa reew?**

**Q. Ndax japp nga ni kénne ci nguur gui menoon nala aar?**

**Q. Ndax meuss naniula niakkal kersa si lu yagg ba ak ay ndawu nguur gui wala niu bokk ci nioom?**

**Q. Ndax da nga japp ni béss dina niow niu fexeel la joggé ci njiit yi wala nioom niu yabbal nitt mu defko ngir nioom?**

## TOXAL GUI CA BIIRI REEW

**Q. Ndax am nga fénnen fo mena deukk ci sa biir reew?**

**Q. Lutax?**

## LI JEM CI WAALU YOON

**Q. Ndax meuss nga deukk ci béneen reew?**

**Q. Ndax meuss na niu la jox ndiggel ngir nga deukk ci béneen reew, bu bokkul ak Amerig ak sa reew?**

**Q. Ndax meuss nga joteel wala nga gaagn kénne?**

**Q. Ndax ci sa reew meuss na niu la japp kasso ngir dara? Meuss nga teudd kasso wala?**
**Q. Ndax meuss nga jappalé, wala nga andak mboolo buniu japp né daniuy jefendiko doolé ngir am luniu beugg?**

**Q. Ndax meuss nga nek militeer?**

**Q. Ndax meuss na niu la tàggatt ngir nek militeer?**

**Q. Ndax da nga fay nitt ngir mu jappalé la nga duggu Amerig?**

**Q. Lutax policé yi nek ci forontieer bi,baniu ley laaj, nga ni leen raggaloo déllu sa deukk te yakaaro ni meunn na niu la gaagn boofa délloo?**

**Q. Bi niu la njeukkee laaj ndax jotoon ngaleen wax ni raggaloo woon?**

## JEEXITALU LAAJ YI

**Q. Lu weessu li niu fi jota wax, ndax am nga béneen jaffé-jaffé ci sa reew?**

**Q. Ndax li niu fi laaj yepp leer na ci yaw?**

**Q. Ndax amone nga jaffé-jaffé degg li interperet bi di wax?**

**Q. Ndax am nga dara lo beugg yokku ci liniu fi wax?**

# Li nga xamni moom la Asil bi laaj, Denc mi si kasso, Xatimu Kayyitu Karangué jeum si Mbuggalaaté

**Li war laaj kattu asil bi: Sa wareef la nga firndé ni daga soxla karangué**
**Gaaniu-gaaniu meun na nek ci Yaram, ci xol wala ci Xel**
**Meun nga am asil sudee wané nga ay gaaniu-gaaniu yu yàggue wala yu nara am.**

| | Asil (Làxxu kaay) | Teyyee ngir bagna toxal | Xaatim biy xeex Mbugalaaté |
|---|---|---|---|
| **Gaaniu-gaaniu** | Fitnaalaaté | Fitnaalaaté | Mbugallaaté |
| **Lutax** | 5 firndé | 5 firndé | Firndé yu bari |
| **Nguur wala Ku bokkul ci Nguur sudee:** | Menul wala beuggul la lidianti | Menul wala beuggul la Di saytu | Laaj, leukeuloo déggoo |
| **Meun naa am** | ~10% | Lu weessu 50% | Lu weessu 50% |
| **Doggal bi?** | Waaw | Deet | Deet |
| **Sa tollu waay** | Lu nara yàggue | Lu dul yàggue | Lu dul yàggue |

**Duniu la mena jeul sudee:**

- **Meun nga dem fénne ci sa deukk te am sutura (Toxu ci biir reew mi).**
- **Meun nga am ci béneene deukk tolluwaay bu jaar yoon cio diir bu gàtte (Toxalaat)**
- **Nekkine ya si sa deukk danio soppi ci luko jar ba mu guena baax**

**Asilu doomu Adama: Budee daniula fitnaaloon bu yàgge ak 1. daj yéneen gaaniu-gaaniu yu métti wala 2. Fitna bu yàgge bi dafa tarrone te metti warru niula diggel nga dellu waat sa reew.**